Зэрмыкъуш Анатолэ Машэ и къуэр — Бахъсэнэнкэ хэхъоныгъэ округым цIыхаха депутатыр, «Красный Кавказ» колхозым и механизаторыр.

Зумакулов Борис Мустафаевичыр — Хьабаз хэхъоныгъэ округым цIыхаха депутатыр, КПСС-м и обкомым и етIуанэ секретарыр.

Кулик Валерий Васильевичыр — КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм промышленностым, ухуэныгъэм, энергетикэм, транспортымрэ связымрэ зегъэужьыныкIэ и комиссэм и председателыр.

Мер Юрэ Хьалид и къуэр — КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм законодательствэмкIэ, законностымрэ хабзэр хъумэныкIэ, цIыхухэм къагъэув Iуэхугъуэхэмрэ нахуагъэмкIэ и комиссэм и председателыр.

Малкандуев Махамбет Исмаиловичыр — Калининскэ хэхъоныгъэ округым цIыхаха депутатыр, пассажир автотранспорт предприятэ № 1-м и шоферыр.

Пуварзин Виктор Ивановичыр — КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Мандат комиссэм и председателыр.

Савкуев Урысбий Залымджарий и къуэр — Къазанокъуэ хэхъоныгъэ округым цIыхаха депутатыр, КъБАССР-м и ЦIыхубэ кIэлъыплъакIуэ комитетым и председателыр.

Сыжажэ Валерэ Хъусен и къуэр — КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм планымрэ бюджетымкIэ, финансхэмкIэ, лажьэгъэ Iуэхугъэмкlэ, уасэхэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и председателыр.

Тау Пщымэн Къес и къуэр — Набережнэ хэхъоныгъэ округым цIыхаха депутатыр, профсоюзхэм я областной советым и председателыр.

Лъэпщокъуэ БетIал Хъусен и къуэр — КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм узыншагъэр хъумэныкIэ, физическэ культурэмрэ спортымкIэ, ветеранхэмрэ инвалидныгъэхэмрэ я Iуэхугъэмкlэ и комиссэм и председателыр.

Ульбашев Мухарби Магомедовичыр — КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм щIалэгъуалэ Iуэхугъэмкlэ и комиссэм и председателыр.

Урыс Раисэ Хьэчим и пхъур — КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм цIыхубэм щхьэкIэ къыщIалъхьэнкIэ хьэпшIэныкIэ, сатумкIэ, коммуналыпэ-унагъуэ, нэгъуэщI Iуэхутхьабзэхэмкlэ и комиссэм и председателыр.

Чочаев Магомед Махмудовичыр — КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм аграрнэ Iуэхугъуэхэмрэ ерысакъымкIэ и комиссэм и председателыр.

Шурдым Юрэ Хьэпагуэ и къуэр — КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ, культурэм, бзэм, лъэпкъ, интернационализм хабзэхэм зегъэужьыныкIэ и комиссэм и председателыр.

Энеев Махмуд Уэзеировичыр — КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм экологиемрэ природэм и къулеигъэкIэ зэгъэзэхуэ къэгъэлъэгъэныгъэмрэ я Iуэхугъэмкlэ и комиссэм и председателыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председатель КIУЭКIУЭ В.

Налшык къалэ, 1990 гъэм апрелым и 12-м.

Районым и къэушI Iэнатlэхэми Iуэхум щытыкIэр гулъытэншэ щыхуагъэм конференцим. Ахэри парт унафэкIэ къызэрыгъэпэщауэ щытам хэлъа пыухыкlатэкIэ мащIэ дыдэу, щабэу къызэпаудэу аращ докладым. Ауэ делегатхэм мащIу куэд, нахуэу, фэрыщIагъэ хэмылъу, район парт организацэм и кIэлъыплъакIуэхэм я пащхьэ ирихьылIагъуэ къэпсэлащ.

«Кавказ» колхозым и парторгым и секретарь **Бигуэ Абубачир:** Ди пащIэдэ парт организацэхэм коммунисти 127-рэ къызэрыубыдэ, икIи тегушхуэу сэ сухымIэнщ абы и къарури и пщIэри фIэмыкIуэдауэ. Зы фIэкI къэмынэу ЗиIцатIэлI нэхъыщхьэкIэ, курит звеном и унафэщIэр партым хэтщ, коммунистэм дэи щанхъэ къышагъэлъагъуэ, парткомым ахэр IэнатIэкIэр партгулъытэкIэ къызэрызэпкIуэдыдэ къарууэ къегъэзэбэн. Къуажэ Советым и депутату хаха цIыху 25-м щыщу 15-р коммунистщ. Къуажэдэкэм пщIэ къыхуамыщIыжу щытамэ, анэхэр дэрыхь абыкIи ирагъэзынтэкIым. Сфlэзахуэщ, мылажьэм пенсионерэкIи парт взносэ емыгъэтыныр. КПСС-м и райкомым и аппаратым хэтхэр, псом хуэмыдэу дэ нэхъыбэу дызыпыщIа инструторхэр, щIэныгъэ куу, опытыфI яIэу къызахьыл хуейщ.

Каменномост изуажэм щыщ партым, зауэм, лэжьыгъэм я ветеран **Къумыкъу Хьажысмел:** Дэ икъукIэ дегъэпIейтей. Литвар зэрыуа щытыкIэ гугъум, а Iуэхум партымрэ иэрылымрэ я унафэщIэхэр заработкымрэ тфIэтэмэму ядэ дощ... Отчетно-лъэхъэнэм КПСС-м и райкомми ди пащIэдэ парт организацэми цIыхубэ - идеологическэ лажьэгъэр игущIагъэхуауэ убж хъунщ. Иужьрей илъэсищIым ди къуажэ клубым зы лекцэ къыщызэрагъэпэща и ъ ы м. КПСС-м и райкомым и секретархэр къуажэм ныщыкIуэ щыIащ, ауэ нышкIуэр къызэрыгуэкI цIыхухэр зэдэжэгъэ хуей документ щхьэхэм къытхуеджэн щхьэкIэт. Апхуэдэ-

---

ПАРТЫМ И САТЫРХЭР ГЪЭБЫДЭН

СФIЭЗАХУЭЩ

Ди предприятэм и коммунистхэми, адрей лажьакIуэхэми гупсэхуу щIаджыкIащ КПСС-м и Центральнэ Комитетым изэралы и коммунистхэм зэрызахуигъазэ тхыгъэ зэIухам, ар печатым къызэрытрадзэу. Си щхьэкIэ абы къышыгъэлъагъуа псори сфIэтэмэмщ, ауэ нэхъ пасэу къытIэрыхьатэмэ нэхъыфIыкт.

«Партым бэнэныгъэ ещIэкIыным и гъэгум теувахэм дакъыпикIын зэрыхуейр, — итщ письмом, — ар гъэкъабзэным, нэгъуэщI гупсысэ зиIэхэр еудыхыным хуэунэIакъым. Ар зытеухуауэ щытын хуейр фракционнэ гупхэр къызэрытэпэщхэм ягъэкIуэкIырщ». Си гугъэщ партыр гъэкъабзэныр егъэкIуэкIыным дихуэмейуэ, ауэ абы хэкIыжыну зи мурадхэми парыуэн хуэмейуэ къысфIощI. Сыту жыпIэмэ, щыIэщ парт билетыр и гуфIакIэм зэрыдалъ иудейм щхьэкIэ «Сэ сыкоммунистщ», — жызыIа, абы щыгъуэми Iуэхум ибгъу хунгъазэу, и Iэпатlэм хьалалу бгъэдэмыту. СыткIэ дихуей апхуэдэхэм? Ирырехъу партым хэтхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ, ауэ абы пажыгъкIэ хэтхэр къэхэщщ. Апхуэдэу КПСС-р фракцэхэм зыкIи хуэмейуэ къызолъытэ. Коммунистическэ партым и пщIэр, и пашэныгъэ мыхьэнэр езым иIыгъыжыхьэщ.

Ди комбинатым и парт организацэм хэтщ коммунисту 100-м щIигъу. Ахэр зэпыудащ цех парт организаци 4-рэ парт группи 7-рэ хъууэ. Абыхэм куэд яхэткъым щхьэж заибгъэдэт Iэнатlэм щапхъэ къызщыгъэлъагъуэу. Коммунистхэм я гуащIэ мымащIэу хэлъщ предприятэм и цIэр фIыкIэ зэрыIум, квартал, илъэс къэс ар къыпищIат къалэнхэм хъарыкIэу зэрыпэлъэщым. Къашитэмэ, комбинатым мы гъэм и япэ кварталым и планхэр цIыхухэм яагъэсэбэп хьэпшIыпхэр къыщIэгъэкIыныкIэ процентри 103,1-кIэ, ахэр егъэщэныкIэ — 100-кIэ, лажьэгъэм и производительностыр къэIэтыныкIэ — 104,6-кIэ игъэзэщIащ.

Ди коммунистхэмрэ партым хэмытхэмрэ зэдзэразыуэ даIыгъ тхыгъэ зэIухам зи гугъу ищI Iуэхугъэ псори икIи къыжаIэ зэхъуэкIыныгъэмрэ обществэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ я гуащIэгъуэу щекIуэкI мы лъэхъэнэм дисциплинэ быдэрэ зэщIэгъэкIуэныгъэрэ щыIэн зэрыхуейр.

БОЗИН Валерэ,
Налшык пхъам щелажь, уилъащIэ шащI «Эльбрус» комбинатым и партномым и секретарь.

1989 ГЪЭМ СОЮЗ ПСОМ ЦIЫХУХЭР ЗЭРЫЩАТХАМ НЭХЪЫЩХЬЭУ КЪРИКIУАХЭМ Я IУЭХУКIЭ

Статистикэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республиканскэ управленэм къитар

1989 гъэм январым и 12-м нрихьэлIэу республикэм цIыху мин 759,6-рэ исащ. 1979 гъэм январым и 17-м зэратхауэ щытам елъытауэ абыхэм я бжыгъэм мин 85-кIэ, е процент 12,6-кIэ, хэхъуащ.

Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэсхэм илъэси 10-м ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр мы бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ:

Гъэхэр	Псори	абы щыщу къалэхэм	абы щыщу къуажэхэм	ЦIыху псоми елъытауэ % къалэхэм	ЦIыху псоми елъытауэ % къуажэхэм
	цIыху (мин)				
1979	674,6	392,4	282,2	58,2	41,8
1989	759,6	465,0	294,6	61,2	38,8

Къалэхэм цIыхуу дэсым 1979 гъэм елъытауэ мин 72,6-кIэ, е процент 18,5-кIэ, къуажэхэм дэсым — мин 12,4-кIэ, е проценти 4,4-кIэ, хэхъуащ. Къуажэхэм цIыхуу дэсым хэхъуэ щхьэкIэ, псори зэхэту республикэм цIыхуу щыпсэухэм ящыщу ахэр зэрыхъум хощI, ар къызыхэкIыр къалэхэм зэрыIэпхъуэрщ.

Республикэм я административнэ районхэм цIыхуу щыпсэуэр зыхуэдизыр мы бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ:

Районхэм:	Псори	12.01.89 гъ. цIыхуу исар (мин) абы щыщу къалэхэм	12.01.89 гъ. цIыхуу исар (мин) абы щыщу къуажэхэм	1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.	ЦIыху псоми елъытауэ процентIэ 1979 гъ. къалэхэм	1979 гъ. къуажэхэм	1989 гъ. къалэхэм	1989 гъ. къуажэхэм
Бахъсэным	96,3	28,8	67,5	111,8	25,3	74,7	29,9	70,1
Дэалыкъуэм	38,8	6,1	32,7	106,0	12,0	88,0	15,7	84,3
Майскэм	36,0	24,5	11,5	107,8	65,3	34,7	68,1	31,9
Прохладнэм	97,0	57,1	39,9	113,2	55,4	44,6	58,9	41,1
Советскэм	22,1	4,4	17,7	102,3	18,1	81,9	19,9	80,1
Тэрчым	46,2	16,5	29,7	107,9	28,7	71,3	35,7	64,3
Аруаным	82,7	28,2	54,5	111,2	31,5	68,5	34,1	65,9
Шэджэмым	50,5	13,2	37,3	116,6	22,2	77,8	26,1	73,9

Район псоми цIыхуу щыпсэум хэхъуащ. Абы къуажэхэр, Налшык, Прохладнэм, Тырныауз къалэхэм, Бахъсэн, Прохладнэ, Шэджэм районхэм зыщIэтащ. Республикэм лъэпкъ 70-м ящыщу къахэкIыр щIэпIэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщу КъБАССР-м, апхуэдэу нэгъуэщI щIэпIэхэм щыпсэухэм я бжыгъэм мыпхуэдэу зихъуэжащ:

	Псори	адыгэхэр 1979 гъ.	адыгэхэр 1989 гъ.	адыгэхэр 1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.	балъкъэрхэр 1979 гъ.	балъкъэрхэр 1989 гъ.	балъкъэрхэр 1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.
СССР-м	921,7	383,5	386,5	100,8	70,8	85,1	120,2
КъБАССР-м	759,6	363,5	363,5	100,0	70,8	85,1	120,2
Налшык къалэ	251,1	84,8	119,7	141,2	25,3	70,8	279,8
Прохладнэ район	97,0	57,1	39,9	69,9	16,5	29,7	180,0
Тырныауз къалэ	38,9	30,8	35,1	114,0	3,8	10,4	273,7
Бахъсэн район	96,3	28,8	67,5	234,4	6,1	32,7	535,9
Майскэ район	36,0	24,5	11,5	46,9	2,4	2,1	87,5
Тэрч район	46,2	16,5	29,7	180,0	2,4	5,1	212,5
Аруан район	82,7	28,2	54,5	193,3	3,4	9,1	267,6
Шэджэм район	50,5	13,2	37,3	282,6	1,9	6,4	336,8
Советскэ район	22,1	4,4	17,7	402,3	0,6	3,1	516,7

Налшык къалэм адыгэу дэсым куэдкIэ (%47,1), Бахъсэн къалэм (%43,3), Дэалыкъуэкъуажэ поселкэм (%43,5), Майскэ къалэм (хуэдэ 2), Прохладнэ къалэм (хуэдэ 2), Тэрч къалэм (хуэдэ 1,5), Нарткъалэ къалэм (хуэдэ 1,5) хэхъуащ. Налшык къалэм балъкъэру дэсым куэдкIэ (хуэдэ 1,6), Тырныауз къалэм (хуэдэ 1,8), Шэджэм-I поселкэм (хуэдэ 1,9) хэхъуащ. Прохладнэ къалэм урысу дэсым (%17,8), Майскэ къалэм (%12,2), Тырныауз къалэм (%32,6) хэхъуащ, районхэм щыпсэухэр нэхъ мащIэ хъуащ.

Республикэм зэпымыууэ щыпсэухэм я ныбжьым мыпхуэдэу зихъуэжащ:

	Адыгэхэр 1989 гъ.	Адыгэхэр 1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.	Балъкъэрхэр 1989 гъ.	Балъкъэрхэр 1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.	Урысхэр 1989 гъ.	Урысхэр 1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.
КъБАССР-м	363494	119,7	70793	118,6	240750	102,8
Налшык къалэ						
Советым абы щыщу	84832	143,8	25321	136,0	102237	96,8
Налшык	79655	147,1	15612	хуэдэ 1,6	101395	97,0
Ленинскэ районым	32975	143,7	9005	153,4	41563	96,7
Октябрьскэ районым	46680	149,6	6607	хуэдэ 1,6	59832	97,2
Тырныауз къалэ						
Советым абы щыщу	6656	143,5	11451	146,2	14778	133,6
Тырныауз къалэм	6022	141,6	7230	хуэдэ 1,8	13686	132,6
Къалэдэсхэр	6391	141,5	10660	147,5	14000	132,2
Къуажэдэсхэр	265	хуэдэ 2,2	791	131,4	778	хуэдэ1,7

Лъэпкъ нэхъыщхьэхэмящыщу къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэсхэр зыхуэдизыр мы бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ:

	Адыгэхэр 1989 гъ.	Адыгэхэр 1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.	Балъкъэрхэр 1989 гъ.	Балъкъэрхэр 1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.	Урысхэр 1989 гъ.	Урысхэр 1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.
Бахъсэн районым	80678	114,8	6307	92,3	6374	89,5
Бахъсэн къалэм	22216	143,8	146	93,6	4423	95,3
къуажэхэм	58462	106,6	6161	92,2	1951	78,6
Дэалыкъуэ районым	34220	107,0	2387	99,0	1165	70,6
Дэалыкъуэкъуажэ п.	5647	143,5	29	116,0	146	100,0
къуажэхэм	28573	101,9	2358	98,8	1019	67,8
Майскэ районым	740	хуэдэ 1,9	178	142,4	30205	106,9
Майскэ къалэм	577	хуэдэ 2	52	126,8	19930	112,2
къуажэхэм	163	161,4	126	150,0	10275	97,9
Прохладнэ районым	11357	113,6	542	112,9	68239	112,0
Прохладнэ къалэм	1132	хуэдэ 2	79 хуэдэ	1,9	45192	117,8
къуажэхэм	10225	108,5	463	105,7	23047	102,0
Советскэ районым	7900	104,2	13430	102,8	374	76,2
Советскэ п.	297	90,3	3747	122,5	175	79,9
къуажэхэм	7603	104,8	9683	96,7	199	73,2
Тэрч районым	38102	109,2	910	95,2	4003	85,5
Тэрч къалэм	12500	хуэдэ 1,5	25 хуэдэ	1,7	2682	97,9
къуажэхэм	25602	96,3	885	94,0	1321	68,0
Аруан районым	61897	115,3	957	88,0	11533	96,0
Нарткъалэ къалэм	12727	хуэдэ 1,5	73	110,6	10636	99,6
къуажэхэм	49170	108,6	884	86,5	897	67,3
Шэджэм районым	37112	119,1	9310	112,2	1841	82,3
Шэджэм п.	10972	129,3	1445 хуэдэ	1,5	714	145,7
къуажэхэм	26741	115,5	7865	104,3	1128	64,5

Илъэсищ1ым лэжьэфыныхэм я бжыгъэм цIыху мин 47-кIэ хэхъуащ (абы япэ илъэсищ1ым ахэр зэрыхъуу щытар мин 82,7-рэщ1). Цыху псоми ящыщу лэжьэфыныхэр процент 55,9-рэ мэхъу (1979 гъэм процент 56,1-рэ хъууэ щытащ).

Лэжьэфыныхэм нэхърэ нэхъыщхьэм я бжыгъэм процент 22-кIэ хэхъуащ, зэрыщыту цIыху псоми я бжыгъэм зэрыхэхъуар процент 13-кIэщ.

Республикэм цIыхуу исым щыщу цIыхухъухэр мин 356,8-рэ (процент 47-рэ). цIыхубзхэр мин 402,8-рэ (процент 53-рэ) мэхъу. 1979 гъэм цIыхухъу мин къэс цIыхубз 1.134-рэ ягъэзащ, 1989 гъэм а бжыгъэр 1.129-рэ хъуауэ араш. Цыхубзхэр цIыхухъухэм нэхърэ нэхъыбэ илъэс 17 ныбжьым щыщIэдзауэ мэхъу, ар къызыхэкIыр цIыхухъу нэхъыбэ зэрылIэрщ.

Союз псом цIыхухэр зэрыщатхам къызэригъэлъэгъуамкIэ, ди республикэм и унагъуэ къэс ику иту цIыхуи 3,9-рэ исащ, абы щыщу къалэхэм — 3,6-рэ, къуажэхэм — 4,4-рэ. Абы япэм зэратхауэ щытам елъытауэ зихъуэжакъым. Псори зэхэту республикэм унагъуэ мини 178,6-рэ щопсэу, абы хэм цIыху мин 697,2-рэ, е цIыху псоми я процент 92,5-рэ, ярысщ.

Апхуэдэу къалъытащ я унагъуэхэм яхэмысу, ауэ абыхэм ахъщэкIэ япыщIауэ псэу цIыху мин 24,9-рэ (%3,3). Зи закъуэхэр мин 31,4-рэ (%4,2) мэхъу — ахэр унагъуэ зимыIэхэрщ е абыхэм япымыщIахэрщ (цIыхухъухэр мини 8,5-рэ, цIыхубзхэр мин 22,9-рэ). Абыхэм я бжыгъэм илъэси 10-м цIыху мини 5,6-кIэ хэхъуащ, абы щыщу къалэхэм — мини 4,8-кIэ, къуажэхэм — мин 0,8-кIэ. Илъэси 10-м къыщыщIэдзауэ нэхъыжь ныбжьым ит цIыху 1.000 къэс яхуэзэу щIэныгъэ нэхъыпхъэ зиIэхэр зэрыхъуу щыта 64-м икIри 90-м, щIэныгъэ нэхъыщхьэм нэмыс зиIэхэр 14-м икIри 17-м, курыт специальнэ щIэныгъэ зиIэхэр 105-м икIри 177-м, курыт щIэныгъэ зиIэхэр 199-м икIри 265-м нэсащ.

Республикэм лэжьэфыныгъэхэм я бжыгъэм процент 12,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ, абыхэм ящыщу лажьэхэр — процентиI 9,3-кIэ. Ахэр псори зэхэту цIыху мин 348,3-рэ мэхъу, (абыхэм хыхьэрыгъым еджэкIуэхэмрэ я унагъуэ хадэхэм щылажьэхэмрэ). Я щхьэ хуэлажьэу республикэм цIыху мини 3,5-рэ (%1) исщ.

Япэм цIыхухэр ятхауэ зэрыщытам ебгъапщэмэ, пенсиехэмрэ пособиехэмрэ аратхэм я бжыгъэр зэрыхъуу щыта мин 84,3-м икIри мини 109,9-м нэсащ. Псом хуэмыдэу хэхъуащ (хуэдэ 28-кIэ) илъэс 16-м нэс ныбжым итхэу пенсиехэмрэ пособиехэмрэ аратхэм. Ар къызыхэкIар «Зэрыщыкъу дэондэрэ ныкъуэдыкъуахэм я псэукIэр егъэфIэкIуным и IуэхукIэ» КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м я Министрэмрэ я Советымрэ унафэ № 469-р 1979 гъэм майм и 23-м къыдэратцагъ. Унафэм къыщыгъэлъэгъуащ илъэс 16-м нэмыс ныбжьым ит сабий ныкъуэдыкъуэхэм пенсие етын зэрыхуейр.

Сабий зешIэхэм я интернатхэм, жьы хъуахэр здэщыIэ унэхэм, сабий унатэм, сабий цIынэхэр щапI унэхэм цIыху мини 3,7-рэ щызэрахьэ (1989 гъэм абыхэм я бжыгъэр мини 4,3-рэ хъууэ щытащ).

1989 гъэм цIыхухэр щатхым гуащIэрыпсэухэм я псэукIэр зыхуэдэр къалъытащ.

Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, унагъуэ мин 98,4-рэ (процент 56,6-рэ) я унэхэм, мин 65,6-рэ (процент 37,8-рэ) фатэр щхьэхуэхэм, мини 2,2-рэ (процент 1,3-рэ) коммунальнэ фэтэрхэм, мини 7,4-рэ (проценти 4,3-рэ) общежитхэм, мини 2,7-рэ (процент 1,5-рэ) пщIэкIэ къащта фэтэрхэм щIэсащ.

Зи закъуэу псэухэм ящыщу мини 13,8-рэ (процент 46,7-рэ) я унэхэм, мини 10,6-рэ (процент 35,8-рэ) фэтэр щхьэхуэхэм, мин 0,7-рэ (проценти 2,5-рэ) коммунальнэ фэтэрхэм, мини 4,4-рэ (процент 15) общежитхэм, мини 2,7-рэ (проценти 8,2-рэ) пщIэкIэ къащта фэтэрхэм щIэсащ.

СТАТИСТИКЭМ И КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКАНСКЭ УПРАВЛЕНЭ.

Бахъсэным	96,3	28,8	67,5	111,8	35,3	74,7	29,9	70,1
Дэалыкъуэм	38,8	6,1	32,7	106,0	12,0	88,0	15,7	84,3
Майскэм	36,0	24,5	11,5	107,8	65,3	34,7	68,1	31,9
Прохладнэм	97,0	57,1	39,9	113,2	55,4	44,6	58,9	41,1
Советскэм	22,1	4,4	17,7	102,3	18,1	81,9	19,9	80,1
Тэрчым	46,2	16,5	29,7	107,9	28,7	71,3	35,7	64,3
Аруаным	82,7	28,2	54,5	111,2	31,5	68,5	34,1	65,9
Шэджэмым	50,5	13,2	37,3	116,6	22,2	77,8	26,1	73,9

Район псоми цIыхуу щыпсэум хэхъуащ. Абы псом хуэмыдэу Налшык, Прохладнэм, Тырныауз къалэхэм, Бахъсэн, Прохладнэ, Шэдзэм районхэм ямыщIэтащ. Республикэм лъэпкъ 70-м щIигъум къахэкIахэр щопсэу.

Куэд лъандэрэ ди щIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщу КъБАССР-м, ахъуэдэу нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэухэм я бжыгъэм мыпхуэдэу ахъуэжащ:

	адыгэхэр			балъкъэрхэр		
	1979 гъ.	1989 гъ.	1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.	1979 гъ.	1989 гъ.	1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.
СССР-м	321,7	390,8	121,5	66,3	85,1	128,4
РСФСР-м	318,8	386,1	121,1	61,8	78,3	126,7
КъБАССР-м	303,6	363,5	119,7	59,7	70,8	118,6

КъБАССР-м адыгэу нэсым ялъэси 10-м цIыху мин 59,9-кIэ (% 19,7), балъкъэрхэм — мин 11,1-кIэ (% 18,6) хэхъуащ.

СССР-м и нэгъуэщI щIыпIэхэм адыгэу мин 27,3-рэ, балъкъэру мин 14,3-рэ щопсэу.

Республикэм лъэпкъыу щыпсэухэм я бжыгъэм мыпхуэдэу зихъуэжащ:

	Лъэпкъым щыщ цIыхухэр (мин)		1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.	Я лъэпкъыбзэр я анэдэлъхубзэу ябж (1989 гъ. %)
	1979 гъ.	1989 гъ.		
Цыху псори	666,5	753,5	113,1	96,5
Адыгэхэр	303,6	363,5	119,7	98,9
Балъкъэрхэр	59,7	70,8	118,6	98,5
Урысхэр	234,1	240,7	102,8	99,9
Украинцхэр	12,1	12,8	105,7	55,4
Белорусхэр	1,9	2,0	105,5	49,0

Прохладнэ районым	11357	113,6	542		150,0	10275	97,9	
Прохладнэ къалэм	1132				112,9	68239	112,0	
къуажэхэм	10225	хуэдэ 2		79 хуэдэ	1,9	45192	117,8	
Советскэ районым	7900	108,5	463		105,7	23047	102,0	
Советскэ п.	297	104,2	13430		102,8	374	78,2	
къуажэхэм	7603	90,3	3747		122,5	175	79,9	
Тэрч районым	38102	104,8	9683		98,7	199	73,2	
Тэрч къалэм	12500	109,2	910		95,2	4003	85,5	
къуажэхэм	25602	хуэдэ 1,5		25 хуэдэ	1,7	2682	97,9	
Аруан районым	61897	96,3	885		94,0	1321	68,0	
Нарткъалэ къалэм	12727	115,3	957		88,0	11533	96,0	
къуажэхэм	49170	хуэдэ 1,5	73		110,6	10636	99,8	
Шэджэм районым	37112	108,6	884		86,5	897	67,3	
Шэджэм I п.	10371	119,1	9310		112,2	1841	82,3	
къуажэхэм	26741	129,3	1445 хуэдэ		1,9	714	145,7	
		115,5	7865		104,3	1128	64,5	

Налшык къалэм адыгэу дэсым куэдкIэ (%47,1), Бахъсэн къалэм (%43,3), Дэалыкъуэкъуажэ поселкэм (%48,5), Майскэ къалэм (хуэдэ 2), Прохладнэ къалэм (хуэдэ 2), Тэрч къалэм (хуэдэ 1,5), Нарткъалэ къалэм (хуэдэ 1,5) хэхъуащ. Налшык къалэм балъкъэру дэсым куэдкIэ (хуэдэ 1,6), Тырныауз къалэм (хуэдэ 1,8), Шэджэм-I поселкэм (хуэдэ 1,9) хэхъуащ. Прохладнэ къалэм урысу дэсым (%17,8), Майскэ къалэм (%12,2), Тырныауз къалэм (%32,6) хэхъуащ, районхэм щыпсэухэр нэхъ мащIэ хъуащ.

Республикэм зэпымыууэ щыпсэухэм я ныбжьым мыпхуэдэу зихъуэжащ:

	Цыху псори (мин)		1979 гъ. % елъыт. 1989 гъ.
	1979 гъ.	1989 гъ.	
Цыху псори	666,5	753,5	113,0
абы щыщу мыпхуэдэ илъэсхэм итхэр			
0—9	120,8	146,9	123,3
10—19	139,5	119,5	85,7
20—29	107,4	130,1	121,1
30—39	76,0	108,4	142,6
40—49	89,3	73,3	82,1
50—59	56,9	83,5	146,7
60—69	39,8	49,3	123,9
70—79	25,2	26,4	104,8
80 хъуахэр, нэхъыжьхэр	11,6	14,1	121,6
щылэжьэну ныбжьым нэмысахэр	202,6	223,0	110,1
лэжьэфынухэр	374,1	421,1	112,6
лэжьэфынухэм нэхърэ нэхъыжьхэр	89,7	109,4	122,0

СУРЭТЫМ: Налшык и «Горизонт» хьэблэм щыIэ «Дом быта» Iуэхутхьэбзэщ1апIэм цIыхуба, цIыхухъу щыгъын лIэужьыгъуэщIэхэр куэду щагъэхьэзыр.

СУРЭТЫМ: дэрбзэр пашэ Конаревэ Маринэщ.
Тезыхар СУАНОВ Михаилщ.

ПЩЭДЕЙ СОВЕТСКЭ ЩIЭНЫГЪЭМ И МАХУЭЩ

ГЪАЩIЭМ И ДАМЭ

1905 гъэм буржуазнэ социологхэм ятхыгъат щIэныгъэ ягъуэтын папщIэ Кавказ бгырысхэм илъэс 940-рэ, Азие Курытым цыпсэухэм — минитI, нэхъыбэж хуейуэ. Ауэ абыхэм я «къэхутэныгъэр» зэрыпцIыр, езыхэр щIэныгъэ нэсым зэрышIэIэцIэр сэтей къищIащ Октябрь иным. 1920 гъэм ноябрым Тэрч областым ис лъэпкъхэм я съездым къыщыгъэлъэгъуат бгырысхэр игъащIэ псом дапIытIэу, ахэр къыкIэрыхуарэ щIэныгъэншэу зэрыщытыр; бгырысхэр кIуэдыжыным щызыхъумэкIур, ахэр культурэ лъагэм езышэлIэфынур а зэраныгъэр гъэкIуэдын, цIыхубэ куэдым щIэныгъэ егъэгъуэтын, автономнэ республикэм япэ дыдэу школ, культурно-просветительнэ IуэхущIапIэхэр щIыным щIэдзэн зэрыкъуейр.

ЩIэныгъэм знужьын папщIэ зыхуеинну Iэмалхэри убгъуауэ къызэрагъэпэщырт, Къапщтэмэ, ирагъэкIуэкIырт зи ныбжьыр илъэс 17-м нэс щIалэ, хъыджэбз цIыкIу псоми пщIэншэу политическэ щIэныгъэ ягъэгъуэтныр. Зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм гъэсэныгъэ щратырт яслъэхэм, садхэм.

Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIэныгъэ лъагэрэ зэхэщIыкI куурэ зиIэ лъэпкъхэм я лъахэщ. Ди университетымрэ агромелиративнэ институтымрэ къыдэрыхьэIуахрэ къаухащ мин 40-м щIигъум. Ахэр инженерщ, дохутырщ, егъэджакIуэщ, агрономщ, зоотехникщ, экономистщ, нэгъуэщI IэщIагъэхэри зиIэщ — ехъулIэныгъэкIэ щолажьэ ди республикэм къыщымынэу, къэралым и народнэ хозяйствэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм. 7-р Социалистическэ Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьщ, яхэтщ СССР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ, дохутыр, СССР-м, Союзпсо, республикэхэм я академнехэм я член-корреспондент, 700-м щIигъур доторщ, кандидатщ.

ЩIэныгъэ дунейм щыпщIэрыIуэщ СССР-м и къэрал саугъэтым и лауреат, генерал-майор Дэхъу Михаил, РСФСР-м щIэныгъэмрэ техникэмкIэ щIыхь зиIэ и лажьакIуэ Къатхъэн Мухьэмэд, еджагъэшхуэхэу Къумахуэхэ Мурадинрэ Мухьэдинрэ, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и член-корреспондентхэу Энеев Тимуррэ Залиханов Михаилрэ, жызым гъэкIынымрэ шагъыр щIынымкIэ дунейпсо организацэм и япэ президент хъуа, «Гъэм и цIыху» цIэ лъапIэр зыфIаща профессор Павленкэ Николай Михайлович сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩIэныгъэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIщ ди университетым и кафедрэхэм я нэхъ пашэхэм яцыщ зы — цIыхумрэ псэущхьэхэмрэ я физиологиемкIэ цыIэр. Абы и унафэщIщ биофизикэмкIэ ди республикэм и япэ доктор хъуа Щауэ Мухьэмэд. И унагъуэри щIэныгъэм и лэжьакIуэхэщ: и щхьэгъусэ Людмилэ Георгиевнэ кандидатщ, я къуэ Тэрч физикэмкIэ отделенэр диплом плъыжькIэ нэгъабэ кIуихауэ иджы аспирантурэм щоджэ.

Кафедрэм и лэжьакIуэхэр щIэх-щIэхыурэ печатым къытохуэ, я къэхутэныгъэхэм пщIэ щаIэщ биологиемрэ медицинэмкIэ Москварэ Ленинградрэ, Ростов, нэгъуэщIхэми щыIэ институтхэм, IуэхущIапIэхэм, дипэкIэ хозяйственнэ зэгурыIуэныгъэ лэжьыгъэхэми зрагъэубгъунущ. Зы илъэси къэнэркъым студенту 20 ныззырыхьэсым диплом ирамыгъэтхыу икIи абыхэм къэрал экзаменымкIэ комиссэм пщIэшхуэ къыхуимыщIу.

СУРЭТЫМ: кафедрэм и лэжьакIуэхэу Щауэ Мухьэмэд, Албот Артур диплом зытххэу Кулиевэ Мадинэ, Анзор Iэминат сымэщ.

Тезыхар
ЩОМАХУЭ Владимирщ.

КIэщIу

ЩIЭМ И ЕФIЭКIЫНЫГЪЭР

Бахъсэн автотранспорт хьэлъэзешэ предприятэм кIуэ пэтми нэхъ зыубгъуауэ щыхапщэ Iэнатlэ псоми лэжьыгъэр щезыгъэфIакIуэ, фейдэ нэхъыбэ пылъу автомашинэхэр къэгъэзэбэныныкIэ Iэмал къэзыт Iуэху зехьэкIэщIэр. Абы и фIыгъэкIэ япэ кварталым и планыр проценти 104-кIэ игъэзэщIащ коллективым.

Мыбы гулъытэ хэха щыхуащI хэхъуэр, фейдэ нэхъыбэ щIыным. АбыхэмкIэ я квартал планым процент 20-кIэ, 37-кIэ щIрагъэгъуащ шоферхэм.

МАХУИ 3-кIэ ЯПЭ КЪИХУЭУ

я квартал планыр ягъэзэщIащ Прохладнэ щIакхуэ комбинатым и лажьакIуэхэм. Абыхэм я Iэдакъэщ1экI ерыскъыхэкI зэмылIэужьыгъуэу 15 щэхуакIуэхэм яIэрохьэ.

Мазищым изделиеу комбинатым сом мин 465-рэ и уасэ е планым нэхърэ сом мин 15 и уасэкIэ нэхъыбэ къитащ. Сату организацэхэм продукцэ тонн 400 хурагъэшащ.

Зэхьэзэхуэм псом хуэмыдэу ехъулIэныгъэ нэхъыбэ къыщахьащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм цIыхубэ депутату цыхахыну кандидату къагъэлъэгъуа Гапкаловэ Галинэ зи уафэщI бригадэм.

ДУНЕЙР НОБЭ

Нобэрей дунейм сабий мелуани 100-м нэблагъэр уэрамхэм щопсэу, мэдыгъуэ, факъырэIус къыхах. Абыхэм ящыщщ вакъэ илъэщIу Эквадорым и уэрамхэм ящыщ зым тес мы ныбжьыщIэри.

(ТАСС).

Иужь сыхьэтым

ВАШИНГТОН. США-м и президент Джордж Буш Бермудскэ островхэм кIуащ. Ар абы Великобританием и премьер-министр Маргарет Тэтчер щыхуэзэнущ. А тIур Европэм къыщыхъу политическэ зэхъуэкIыныгъэ инхэм тепсэлъыхьынущ. Унэ хужьым и лажьакIуэм зэрыжиIамкIэ, Бушрэ Тэтчеррэ США-м и президентыр мы гъэм майм и 30 — июным и 3-хэм СССР-м и Президент Михаил Горбэчев зэрыIущIэным и гугъу ящIынущ.

ПАРИЖ. Суринамым и къухьэпIэ лъэныкъуэм щагъэтIыса щым заумысыжащ гъубж жащым яукIа Стасис Абукаускас — советскэ посольствэм и етIуанэ секретару Суринамым щыIар зэраIэщIэкIуэдэмкIэ.

Франс-Пресс информационнэ агентетвэм, хъыбар къызэритамкIэ, ахэр илъэс 18-м ит Петер Бургцорг, илъэс 17-м ит Денни Покорни, илъэс 22-м ит Стивен Вийдерс сымэщ. Ахэр яукIа советскэ дипломатым и автомобилыр щащэм яубылащ. Стасис Абукаускас къэралым и къалащхьэм километр 30-кIэ пэмыжьэ щIыпIэм и гъуэгубгъум деж щылъу къагъэуэтыжащ. Илъэс 42-м ит советскэ дипломатыр Суринамым щылажьэну илъэсым наблагъэ япэкIэ кIуауэ щытащ.

ПРАГЭ. Чехословакием и президент Вацлав Гаведрэ Палестинэм и ЩхьэхунщыжакIуэ организацэм и Iэтащхьэ Ясер Арафатрэ мыбы щызэпсэльащ. Арафат ар Восток Гъунэгъум Iуэхур зэрыщыщытым щыгъуазэ ищIащ. Абы апхуэдэу жиIащ Восток Гъунэгъум щенIуэкI зауэр гъэувыIэным теухуауа дэIэпыкъуэгъуэ хъуну Чехословакием зэрыщыгугъыр.

Чехословакием и президентым ныкIыгъощащ езыр зи Iэтащхьэ къэралыр абыкIэ сабэ хъуну зэрыхуейр. Абы апхуэдэу жиIащ Израильм яIуэ зэуэнь я Iуэхум зэрытепсэлъыхьынур.

БЕРЛИН. Германскэ Демократическэ Республикэм и премьер-министр Лотар Де Мэзьер правительствэм хэтынухэр къыхилъхьащ. Шыхубэ палатэр абыхэм аразы техъуащ. Правительствэм министр 23-рэ хэтъащ. Ахэр политическэ парти 5-м ящыщщ. Христианско-демократическэ союзым щыщхэм министр къулыкъу 11. Германием и социал-демократическэ партым и Iофышэ 5 министр къулыкъу щIыпIэ щIэлъащ.

ЗЭПСЭЛЪАЩ

ВАРШАВЭ. (ТАСС). Социальнэ Iуэхугъуэхэм я лъэныкъуэкIэ гуащIэрыпсэухэм къащхьэщыжыным къыхэкI зэныкъуэкъухэм щыхэплъащ польскэ правительствэмрэ профессиональнэ союзхэм я польшэпсо зэгурыIуэныгъэмрэ (ВСПС) я лIыкIуэхэм я зи чэзу зэIущIэ мыбы щекIуэкIам.

Правительственнэ лъэныкъуэм зэрыкIащи, экономикэр зэпIэзэрыт щIыжыным теухуауэ мы зэманым къэралым щызэфIагъэкI программэм Iэмал къитыркъым профсоюзхэм къагъэув Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэнымкIэ, сыту жыпIэмэ абы къызэпиудынкIэ хъунэщ экономическэ реформэр. ВСПС-м и председатель А. Медович къигъэлъэгъуащ цIыхухэр къыщрагъэтхъыну властхэм зэрамурадыр. ВСПС-р тегушхуэныгъэкIэ щIэбэныну гуащIэрыпсэухэм я хэхъуэхэр мы гъэм процент 20 нэхъыбэкIэ ямыгъэмэщIэным. Зэпсэлъэныгъэхэм кърикIуахэр щыхьэт тохъуэ правительствэмрэ ВСПС-мрэ я лIыкIуэхэр дпэкIэ зэIущIэкIэ къызэримыкIыну Iам.

ПРЕЗИДЕНТЫМ И КАНЦЕЛЯРИЕМ КЪИТАЩ

СОФИЕ. (ТАСС). Политическэ зэныкъуэкъухэр зэщIоплъэ, парт, зэщIэхъеенныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм яку кIэдэхъуэ зэмызэгъыныгъэхэм щынагъуэ пылъу заубгъу. Зым япэ адрейр изыным теухуа бзэныгъэр мыза-мыгъу хуокIуэ зым адрейр игъэущынным, психологическэ зауэм. Залымыгъэ зехьэныр къэдгъэхъу нэужькIэ, болгарскэ демократие ныбжьыщIэм дежкIэ кърикIуэнкIэ хъунущ пхуэмыгъэзэкIуэжыщ къулейсыгъэ. Апхуэдэу щыжеIэ НРБ-м и президент Петр Младеновым и канцелярием абы щызэбгрыригъэха хъыбарым. Абы апхуэдэу къыщыгущIэлъэгъуащ НРБ-м июным щекIуэкIыну парламентскэ хэхыныгъэхэм теухуауэ президентыр къэралым и общественно-политическэ къарукIэ я унафэщIхэм апрелым и 6-м, и 9-м зэречэнджэщам кърикIуахэр.

«УРЫСХЭР—ФРАНЦИЕМ» ТХЫЛЪЫР

Владимир Щагин, Пьер Лорен, Жан Кастель, Ален Безансон, Франсуаз Тома, Ален Безансон, Франсуаз Тома, Ален Безансон, Франсуаз Тома

ПРЕЗИДЕНТЫМ И КАНЦЕЛЯРИЕМ КОНТАЦ

СОФИЕ. (ТАСС). Политическэ зэныкъуэкъуэхэр зэщIоплъэ, парт. зэщIэхъееныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм яку кыдэхъуэ зэмызэгъыныгъэхэм шынагъуэ пылъу заубгъу. Зым япэ адрейр иувэным теухуа бзнэныгъэр мыхэ-мытIыу хуокIуэ. Зым адрейр итъэлъэныным, психологическэ зауэм. Залымыгъэ зехьэныр къэдгъэхъу нэужькIэ, болгарскэ демократие ныбжьыщIэм дежкIэ кърикIуэнкIэ хъунущ пхуэмыгъэзакIуэжьын къудейсызыгъэ. Апхуэдэу щыжеIэ НРБ-м и президент Петр Младеновым и канцелярием абы щылэбгрыригъэха хъыбарым. Абы апхуэдэуи къыщыгъэлъэгъуащ НРБ-м июным щекIуэкIынущ парламентскэ хэхыныгъэхэм теухуауэ президентыр къралым и общественно-политическэ къарухэм я унафэщIхэм апрелым и 6-м, и 9-м зэречэнджэщам кърикIуахэр.

«УРЫСХЭР—ФРАНЦИЕМ» ТХЫЛЪЫР

Владимир Ильич Ленин Францием щыщыIам щыпсэуар дэнэ? Парижым щыщ щIыпIэхэу сыт хуэдэхэр Иван Тургенев, Николай Гоголь, Лев Толстой, Владимир Маяковский, Максим Горький, Федор Достоевский, Антон Чехов, Андрей Тарковский сымэ я цIэхэм пыщIахэр? Хэт сымэ урыс артист цIэрыIуэхэм ящыщу «Гранд-опера», «Елисейскэ губгъуэхэм я театрым» я сценэхэм зыкъыщызыгъэлъэгъуахэр? Дэнэ щыпсэуар Киевскэ князь ин Ярослав Мудрэм ипхъу, Францием я королевэ Анэ Ярославнэр? Сытхэр гукъинэж къыщыхъуа Александр Герцен Луврым япэ дыдэ щыщIыхьам? А упщIэ псоми жэуап ярет «Орэ» парижскэ тхылъ тедзапIэм иджы дыдэ къыщыдэкIа, французскэ историк Рэмон де Понфий итха «Урысхэр — Францием» тхылъым.

ХРЕКОВ В.,
ТАСС-м и корр.

«Советскэ гъатхэр» къазэрыщыхъур

Советскэ Союзым теухуа хъыбар куэд английскэ газетхэм тетщ. Москва къратыкI репортаж кIыхьэр телевиденэм егъэлъагъуэ, СССР-м кIуэ корреспондентхэм я гугъу умыщIми, дэтхэнэ британскэ газет ними и корреспондент Москва дэсщ. Великобританием и телевиденэм «советскэ гъатхэм» гулъытэ хэха хуещI. Советскэ фильмхэр ягъэлъагъуэ, СССР-м теухуауэ Лондонрэ Москварэ щекIуэкI псалъэмакъым хэтхэм жаIахэм йодаIуэ.

Япэм а псори нэгъуэщIу щытащ. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и зэманым сэ корреспонденту Москва сыщыIащ. Абы щыгъуэ СССР-р зауэм зэрыхэтым тетхыхьу советскэ къалащхьэм дэса англичанхэмрэ американцхэмрэ тIощIым нэблагъэ хъууэ арат. Зауэр увыIа нэужь ахэр абы къыдэкIыжу хуежьащ. ИтIанэ илъэси 10—15-кIэ Советскэ Союзым хъыбар мащIэ фIэкIа къратыкIакъым. Британскэ газетхэр мазэ псокIэ абы щытемытхыхь щыIэу щытащ. Москва къратыкIауэ ди газетхэм традэхэр къамылъытэу мыхъунухэрт: япэ советскэ ядернэ Iэщэ зэрагъэзэлъэтам, Сталиныр зэрылIам, Хрущев е Брежневыр къызэрыкъуэкIам хуэдэ хъыбархэрт.

ЦIыхум и хуитыныгъэм теуха япэ международнэ конференц Хельсинки щрагъэкIуэкIа нэужь, «зауэ щыIэр» увыIэу хуежьащ, СССР-м къратыкI хъыбархэр нэхъыбэIуэрэ къыдэкIыхьэ хъуащ. Ауэ абы щыгъуи Советскэ Союзым теухуа тхыгъэу британскэ газетхэм традэ щыIакъым. СССР-м и цIыхухэм я псэукIэм фIыуэ дыщымыгъуэзэу илъэс 20-м нэблагъэ дэкIащ. А зэманым дэ корреспонденту зытIу Москва дэсауэ араш.

Британцхэм 1917 гъэм къыщыщIэдзауэ сыт куэду яIа жыпIэмэ, СССР-м и IуэхухэмкIэ IэщIагъэлI, эксперт зэмылIэужьыгъуэхэрщ. Япэм абыхэм кремленологхэмкIэ еджэу щытамэ, иджы советолог фIащащ. Ди цIыхубэ информацэм и IэнатIэхэм иджы апхуэдэу тIощI щолажьэ. Советологхэм ящыщ язныкъуэхэм зи ужь ит Iуэхум фIыуэ хащIыкI, ауэ зыгуэрхэм дыхьэшхэнхэр щатх щыIэщ. СощIэж, илъэс зыщыплI япэкIэ «IэщIагъэлI» тетхыхьауэ щытащ КПСС-м и ЦК-м и зэIущIэ щэху Кремлым зэрыщекIуэкIам, ЦК-р щызэхуэса пэшым зыри зэрыщIамыгъэхьам. Площадь плъыжьым ит быдапIэм зыри зэрыдамыгъэхьэм.

АрщхьэкIэ абы и ужькIэ махуэ зыбжанэ фIэкIа дэмыкIыу сэ Москва сыкIуати, адрей цIыхухэм срагъэсэу Кремлым сыдыхьащ, Съездхэм я дворецым концерти сыщеплъащ. Ди «экспертым» апхуэдэ дворец абы дэту имыщIэу къыщIэкIащ. ИтIани ди цIыхухэм ар Советскэ Союзым и Iуэхухэм фIыуэ хэзыщIыкIыу ялъытэ.

Иджы СССР-м кърикIауэ апхуэдизу хъыбар куэд зэхьодохри, экспертхэм заумысыж псоми зэрыхамыщIыкIымкIэ, Къапщтэмэ, Роберт Фариш «Гардиан» газетым трыригъэдза тхыгъэм къыхощ Советскэ Союзымрэ Къухьэпэ Европэмрэ щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм тещIыхьауэ уеплъмэ, советологием и мыхьэнэ кIанэ щымыIэу зэрызихъуэжыр.

Едикагъэшхуэ цIэрыIуэ, Бирмингемскэ университетым урыс, восточноевропейскэ къэхутэныгъэхэмкIэ и центрым и директор Филипп Хансон зэрыжиIэмкIэ, советологхэр иджыпсту «заимы IэщIэмылъ щIым» тетщ. Абыхэм адрейхэм нэхърэ нэхъыбэ ящIэу къыщIэкIынщ, ауэ Советскэ Союзым зыщызыубгъуа Iуэхухэм щыщ куэдым хащIыкIыркъым. Советскэ Союзым зэрызихъумэжым пыщIа Iуэхухэм елэжь Рой Эллисон зэреплъымкIэ, советологхэр къыкIэроху.

ИтIани англичанхэр къагъэпцIэну хэтщ. А мурадыр зрагъэхъуліэн щхьэкIэ газетхэм тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр традэ, Советскэ Союзым щекIуэкI Iуэхухэм теухауэ. Ахэр апхуэдизкIэ зэхэзэрыхьауэ ятхри, щIэныгъэшхуэ зиIэхэм фIэкIа нэгъуэщIхэм ягурыIуэнукъым.

Джеймс ОЛДРИДЖ,
англичанкэ тхакIуэ.

(АПН).

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

МЭРЕМ

Апрелым и 20

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — «Голубое око Сибири». ЩIэныгъэ-популярнэ фильм. ЕтIуанэ фильм. 9.35 — Березин Сергей и уэрэдхэр. 9.45 — «Кинопанорамэ». 10.45 — «...Илъэс пщыкIухым нэс ныбжьым итхэм, нэхъыжьхэм папщIэ». 11.30 — гъэм и зэманхэр. Апрель. 12.30 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.30 — Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.45 — «Музыкальнэ къулеигъэхэр». 16.50 — «Дунейр псоми дыдейщ». Сурэт конкурс. 16.55 — В. И. Ленинур къыззэраIухурэ илъэси 120-рэ щрикъум и щIыхькIэ гуфIэгъуэ зэIущIэ. Ар щиухым (18.30) — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. «Спартак» балет. 21.00 — Зэман. 21.45 — «Спартак» балетым и кIэухыр. 22.30—коллаж (реклам, информацэ, хъыбарегъащIэ). 22.35 — «Ар щыIащ.. щыIащ...» 23.05 — «Iуэху еплъыкIэ». 00.50 — хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ.

ЕтIуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15— щIэныгъэ-популярнэ фильм. 8.35, 9.35 — музыкэ. 7-нэ класс. 9.05 — 10.05 — англыбзэ. 10.35, 11.35 — историе. 8-нэ класс. 11.05 — сабийхэм щадэлажьэ школ. ЕплIанэ къатыгъуэ. 12.05 — концерт. 12.25 — етIуанэу ягъэлъагъуэ фильмым и махуэ сеанс. «Прошедшее вернуть». ЕплIанэ серие. Япэ, етIуанэ Iыхьэхэр. 20.00 — нэхулъэфI фыкъикI, цIыкIухэ! 20.15 — хъыбарыщ1эхэр. 21.00 — концерт. 21.55 — хоккей. Дунейм и чемпионат. Финляндиемрэ СССР-мрэ я командэ къыхэхахэр.

Щ1ыпIэ программэ. 17.00 — «Ленинир ди гъусэу» (адыгэбзэкIэ). 17.20 — телефильм. 17.35 — «Товушн фрагъэблагъэ». 18.20 — документальнэ фильм. 18.35 — «Цыхумрэ обществэмрэ». Общественно-политическэ программэ (адыгэбзэкIэ). 19.20 — «Дунейр тхьэмахуэ зэхуакум» (балъкъэрыбзэкIэ). 19.30 — «Республикэм и махуэ».

ЩЭБЭТ

Апрелым и 21

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — дижыг хадэр. 9.05 — гущIэгъум и тхьэмахуэ. 9.35 — Къазахъстаным и музыкальнэ фольклор. 10.00 — документальнэ фильм. 10.45—концерт цIыкIу. 11.00 — Россием и суверенитет. ЕтIуанэ къэтыгъуэ. 12.00—концерт. 12.20 — «Псэущхьэхэм я дунейм». 13.20 — «Лэжьэгъухэр». 13.50 — «Александр Пархоменко». Художественнэ фильм. 15.15 — «Спектр». 15.45 — музыкальнэ программэ. 16.35 — политикэм теухуа псалъэмакъ. 17.25 — «Лэгъупыкъуэ». 18.00—Международнэ панорамэ. 18.45 — мультфильмхэр. 19.05 — гущIэгъум и тхьэмахуэ. 19.15—концерт. 21.00 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — «Телескоп». 21.50—«Iуэху гуфIэгъуэ». 23.00—«Телепортрет». 23.30—цIэрыIуэ хъуа музыкэхэр. Программэ «А». 01.00 — хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ.

ЕтIуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.20 — службэ — 01-р — экраным». 8.50 — концерт. 9.25— «Две главы из семейной хроники». Художественнэ фильм. 11.00 — Прогресс. Информацэ. Рекламэ. 11.30 — концерт. 11.40 — псоми папщIэ педагогикэ. 12.40 — гущIэгъум и тхьэмахуэ. СССР-мрэ США-мрэ зэпызыщIэ телевизионнэ лъэмыж. 13.25 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 13.30 — киноконцерт. 14.30 — «Советская Россия» видеоканал. 21.30 — «Весер». фильм-спектакль. 23.30 — «Кто же миллиардер!». Художественнэ фильм. 00.35 — «Петра». Художественнэ фильм.

Щ1ыпIэ программэ. 17.00 — «Сабийхэмрэ музыкэмрэ». Налшык къалэ дэт музыкальнэ школ № 3-м къратыкI (адыгэбзэкIэ). 17.25 — сабийхэм папщIэ мультфильм. 17.35 — хъыбарыщ1эхэр (балъкъэрыбзэкIэ). 17.50 — фильм-рекламэ. 17.55 — «Элькор» и нобэрей махуэ. 18.25 — щIэныгъэ-популярнэ фильм. 18.35—«Жаншэрхъэ». Спорт. радиовестник.

ТХЬЭМАХУЭ

Апрелым и 22

Япэ программэ. 8.00 — спортыр псоми папщIэ. 8.15 — ритмическэ гимнастикэ. 8.45 — «Спортлотом» и тираж. 9.00 — «Пщэдджыжьым нэхъ пасэу!». 10.00 — Хэкум къулыкъу хуащIэ. 11.00 — «Пщэдджыжь пощт». 11.30 — «Дунеяплъэ къэзыкIухьэм я клуб». 12.30 — «Музыкальнэ киоск. 13.00 — экологием и программэ. 14.30 — концерт. 14.55 — «Узыншагъэ». 15.40 — «Къуажэм зы сыхьэткIэ». 16.55 — таурыхъым и дунейм. «Каменный цветок». 18.25 — хоккей. Дунейм и чемпионат. СССР-мрэ Швециемрэ я командэ къыхэхахэр. 21.00 — Зэман. Хъыбарыщ1эхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — В. И. Ленинур къыззэраIухурэ илъэси 120-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Штрихи к портрету В. И. Ленина». Ещанэ фильм— «Воздух Совнаркома». 22.50 — «Уахътыншагъэм теухуа гупсысэхэр». 23.05 — концерт. 23.20 — футболым теухуауэ.

ЕтIуанэ программэ. 8.00 — зарядкэ фщIыну фыуэ! 8.20— концерт. 8.45 — документальнэ фильм. 9.10 — концерт. 9.30 — «Счастливая Женька!». «Художественнэ фильм. 10.50 — документальнэ фильм. 11.30 — Дунеяплъэ къэзыкIухьэм я клуб. 12.30—коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ) 12.35 — «Дэ дызыщыIэсэу дунейр». 13.40 — киноконцерт. 14.30 — «Советская Россия» видеоканал. 17.00 — «Планета». 18.00 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарыщIэ). 18.05 — «Вертикаль». 18.35 — «Тревожное воскресенье». Художественнэ фильм. 20.00— нэхулъэфI фыкъикI, цIыкIухэ! 20.15 — аэробикэмкIэ Союзпсо турнир. 21.00 — Зэман. 21.30 — концерт. 22.00 — хоккей. Дунейм и чемпионат. Канадэмрэ Чехословакиемрэ я командэ къыхэхахэр.

ДИ ХЭЩIАПIЭР: 360000. Налшык къалэ, Ленинын и пIэкIэ щыIэ урам, 5. епщIанэ къат.



ТЕЛЕФОНХЭР:

редакторым — 2-21-64,
приемнэм — 2-22-89,
редакторым и заместителхэм — 2-21-86, — 2-22-84,
ответственнэ секретарым — 2-22-82,
секретариатым — 2-21-88, — 2-85-49.

ОТДЕЛХЭР:

парт лэжьыгъэмкIэ — 2-22-66, — 2-22-80,
идеологиемкIэ — 2-22-88, — 2-60-53,
экономикэмкIэ — 2-57-59, — 2-22-86,
хъыбарыщ1эхэмкIэ — 2-63-84,
письмохэмкIэ — 2-68-31,
зэдзэкIакIуэхэм — 2-85-36,
суратгъэхым — 2-85-78,
корректорхэм — 2-80-27,
газет пехым — 2-35-60.

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэ

Ч 00597

Заказ № 3317